# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ स्थित लोक भवन सभागार में नारी क सुरक्षा, सम्मान अउर स्वावलम्बन बदे समरपित महत्वाकांक्षी अभियान मिशन शक्ति क पचवां फेरा क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि नारी सम्मान उनकर प्राथमिकता हौ। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री प्रदेस क सज्जो एक हजार छौ सौ सैंतालीस थान्हा में नया बनल। मिशन शक्ति केन्द्रन क बटन दबा के उद्घाटन कइलें अउर येह मिसन से जुड़ल बुकलेट अउर फोल्डर क बिमोचन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री महिला पुलिस बीट कार्मिकन से संवाद अउर परामर्स बढ़ावे पर जोर दिहलें।

***हमारा प्रयास होना चाहिए। कि घर की हिंसा हो या बाहर की हिंसा हो इस हिंसा से निपटने के लिए सही परामर्श उपलब्ध करवाना है ये चीजें बताना है। हिंसा से जुड़ी हुई कोई घटना नही है। तो हमें वेलफेयर की स्कीम के साथ हमें जुड़ना है। उन्हें बताना पड़ेगा। कौन–कौन सी स्कीम है। कैसे इनसे लाभान्वित हो सकते हैं।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ विश्वविद्यालय में आयोजित चउथा गोमती पुस्तक मेला क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री पुस्तक मेला के ज्ञान अउर साहित्य क महाकुंभ बतवलें। उहां के नौजवानन से स्मार्ट फोन पर ढेरि समय बितावे के बजाय रोजाना कम से कम एक घंटा किताबि पढ़े बदे प्रेरित कइलीं। येह मौका पर प्रदेस सरकार क मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय, नेशनल बुक ट्रस्ट क अध्यक्ष प्रोफेसर मिलिंद सुधाकर मराठे के सथहीं कई गो अउरियो जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें। गोमती पुस्तक मेला अट्ठाइस सितम्बर ले चली।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु गुजरात के भावनगर से बनारस में फ्रेट विलेज क ऑनलाइन सिलान्यास कइलें। ई फ्रेट विलेज रामनगर के राल्हूपुर में बनावल जा रहल बा। एहसे गंगा नदी में जल परिवहन के बढ़ावा मिली। सिलान्यास के मौका पर प्रदेसक परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह अउर राज्यसभा सांसद साधना सिंह मौजूद रहलिनि।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह बरिस स्वतंत्रता दिवस सम्बोधन में देस में वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी में सुधार क घोसणा कइले रहलें जवना से आम लोगिन पर आरथिक बोझ कम होखे। नया दर आवे वाला सोम्मार से लागू हो रहलि हौ। जीएसटी सुधार से इलेक्ट्रॉनिक उपकरण क्षेत्रों के खुबै फायदा पहुंची। एगो रिपोर्ट–

***सरकार घरेलू इलेक्ट्रॉनिक समानन पर जीएसटी दर में कटउती कइ के इलेक्ट्रॉनिकस उद्योग के बड़हन राहति दिहले हौ। बिजुली यंत्रन पर कर क दर अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। कम्पोस्टिंग मसीनिन पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल हौ। भारतीय इलेक्ट्रॉनिक्स आ कंप्यूटर सॉफ्टवेयर निर्यात संवर्धन परिषद क अध्यक्ष संदीप नरूला कहलें कि कर कटउती से फायदा होई अउर देस में घरेलू इलेक्ट्रॉनिकस क बिकिरी में बढ़ोत्तरी होई।***

***अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन में येह युक्तिकरण से इलेक्ट्रॉनिक समानन क पहुंच अउर सामर्थ्य में बढ़ोत्तरी भइले अउर घरेलू उत्पादकन बदे बजारि क आकार बढ़ले क ओम्मेद बा। आकाशवाणी नई दिल्ली से अनुपम मिश्र के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में सरकार, सेवा अउर सुसासन के मंत्र से अभिप्रेरित होके परिवर्तन अउर प्रगति बदे बहुते प्रयास कै रहलि हौ। विशेष श्रृंखला 'सेवा पर्व' में गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा बदे मोदी सरकार क कोसिसन के लेके प्रस्तुत ह एगो रिपोर्ट–

***पिछले 11 वर्षों में, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के गतिशील नेतृत्व में भारत की स्वास्थ्य सेवा प्रणाली में व्यापक परिवर्तन आया है। 2018 में, नरेन्द्र मोदी सरकार ने आयुष्मान भारत – प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना शुरू की, जो दुनिया का सबसे बड़ा स्वास्थ्य बीमा कार्यक्रम रहा। यह योजना प्रति परिवार प्रति वर्ष 5 लाख रुपये का स्वास्थ्य कवर प्रदान करती है। यह योजना 12 करोड़ से अधिक परिवारों को कवर करती है और लगभग 55 करोड़ व्यक्तियों को लाभान्वित करती है। पिछले वर्ष 29 अक्टूबर को नई दिल्ली में, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने आयुष्मान वय वंदना योजना के दायरे में 70 वर्ष से अधिक आयु के सभी बुजुर्गों को शामिल करने के लिए आयुष्मान भारत – प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना के विस्तार की घोषणा की।***

***सरकार का प्रयास है कि देश के हर बुजुर्ग जिनकी आयु 70 वर्ष के ऊपर है उनको जल्द से जल्द आयुष्मान वय वंदना कार्ड मिले और यह ऐसी योजना है जिसमें आय की कोई पाबंदी नहीं। लाभार्थी ईशान श्रीवास्तव ने आयुष्मान भारत योजना की सराहना करते हुए कहा कि इससे उनके परिवार के सदस्यों का कम खर्च में सही इलाज कराने में मदद मिली।***

***इस कार्ड से जैसा कि हमारा पेसमेकर लगा है तो 83,280 का इस कार्ड से पेमेंट हुआ, अप्रुवल होकर। कार्ड नहीं होता तो हमारी स्थिति नहीं थी कि हम इनका पेसमेकर करवा पाते। यह योजना 70 वर्ष से अधिक आयु वर्ग के लोगों के लिए आसान और सुलभ स्वास्थ्य सेवा सुनिश्चित करती है। आनंद कुमार की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से फरहत नाज।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क 75वां जन्मदिन के उपलक्ष्य में राष्ट्रीय पुरस्कार विजेता फिल्म 'चलो जीते हैं' देश के लाखों स्कूलन अउर करीब पांच सौ सिनेमाघरन में देखावल जा रहलि हौ। ई फिल्म प्रधानमंत्री मोदी के बचपन क एगो घटना से प्रेरित हौ।

**********